

UBBITE GA

Téere bii mooy xaajub ñaareel ci Mbind mu sell mi. Dees na ko wooye it : Kóllère gu bees, gi Yàlla fas ak nit. Am na ñu koy wooye Injiil, maanaam Xibaaru jàmm bi. Yàlla wàcce na ko ci gaayam yu sell yi, ñu bind ko ci làkku gereg. Li ñu bind ci téere yu jëkk ya nag, moom lanu tekki ci wolof.

Xaaj bu jëkku Mbind mu sell mi moo ëmb Tawreet, Sabóor ak Mbindi yonent yi. Diirub junniy at Yàlla wax na ci wàll yu bare ak ci tëralin yu wuute, jaarale ko ci gémmiñu lu ëpp fanweeri yonent, li dale ci yonent Yàlla Musaa ba ci yonent Yàlla Malasi. Yàlla won na léen noonu seen matadi fa kanamam, te yégal na léen ca ñëwug Rammukat bi, di Almasi bu sell, biy ubbi buntu jàmm ëllëg. Bind nañu sax lii : « Yonent yépp seedeel nañu ko ne, ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam. »

Injiil bu sell bi nag mooy nettali ni Yàlla matale li mu waxoon ca yonent yu jëkk ya. Almasi bi, maanaam Kirist, moo yor tur wu rafet wii : Kàddug Yàlla, ndax moo làmboo yéene ju rafet, ji Yàlla am, ngir baal nit ñi seeni bàkkaar, te boole léen ci ndamam. Waxu yonent yi mat na ci Injiil, ni dex yuy tàbbi ci géej. Gif sax na, ba nekk guy. Yonent yi ñoo doon ay làmp yuy leer ci àddina su lëndëm si, waaye Kirist mooy jant bu fenk, ngir leeral doom Aadama, te teg léen ci yoonu jàmm.

Am na 27 wàll ci téere bii. Ñeent yu jëkk yi, maanaam Macë, Màrk, Luug ak Yowaana, ñooy xamle dundug Almasi bi, maanaam juddoom ci Maryaama, njàngleem, mbëggeelam ci nit, deeyam ni sarax ngir gàddu bàkkaari àddina, ak ndekkiteem. Wàll wi ci topp, di Jëf ya, mooy nettali mbirum ña jëkkoona gëm Kirist ak xibaar ba mu daa jollil ci àddina. 21 wàll nekk nañu ay bataaxal yu ñu bind, ngir dëgëral ñi gëm. Ñoo lal xóotaayu muc, gi Yàlla tëral ci Kirist ci kaw yërmandeem. Wàll wu mujj wi, di Peeñu ma, mooy leeral xeex, biy am ci mujjug jamono diggante leer ak lëndëm. Mooy xamle ni Yàlla note Seytaane, àttee ni àddina si ci njub, te yeasal asamaan ak suuf.

Téere bu sell bii mooy feeñal màggaayu Yàlla Aji Kawe, ji dëkk ci biir leer gu kenn manta jege. Mooy feeñal sellayam, moom

mi manula jege bàkkaar. Waaye mooy feeñal it mbëggeelam gu réy, gi taxoon Musalkat bu sell bi ganesi àddina, ngir jot nu ci sànkute ga nu nekkoon.

Yaw miy jàng téere bii nag, yal na Yàlla barkeel sa njàng. Yal na la Xelam mu Sell taxawu, te firil la ko. Moom wax na ne, kuy seet, dinga gis. (Macë juróom ñaareelu saar, juróom ñetteelu aaya, maanaam Macë 7.8) Te woote bu mag, bi jiboon ci gémmiñu Rammukat bi, mu ngi dégtu ba tey : « Ñëwleen ci man, yéen ñépp ñi sonn te diis, dinaa leen may noflaay. » (Macë fukkeelu saar ak benn, ñaar fukkeelu aaya ak juróom ñett, maanaam Macë 11.28.)

(1987)

Ñetteelu sottib Injiil bii ci wolof, mook yu jëkk ya, daanaka benn la. Li ñu ci soppi mooy li nuy waaja lim nii, te jublu ci yombalal leen ko, yéen bokk yu tedd yi koy jàng :

1. Jubbanti nañu ci ay njuumte ci wàllu bindin.
2. Soppi nañu ci yenn baat yu am solo, ndax bëgga mengook wolofi tey.

(2010)